



**PWOSE VÈBAL
ODYANS AK REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON SOU BIDJÈ FY23 A.**

mercredi 16 mars 2022

Komite Lekòl Boston lan te òganize yon odyans ak yon reyinyon sou bidjè FY23 a nan dat 16 Mas 2022 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Pa t genyen.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

Lèt sou Bidjè Final FY23 Sirentandan an a Komite Lekòl la

Mizajou Tablo Bidjè FY23 a , 16 Mas 2022

Deklarasyon Enpak sou Ekite Rekòmandasyon Bidjè FY23

Rapò Reyinyon: 2 Mas 2022

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize 707 759\$

Horace Mann In-District Charter Peman pou Lè Siplemanè

Prezantasyon Pwojè Reparasyon Akselere MSBA

2022 Deklarasyon MSBA ARP Enterè Deklarasyon Enpak sou Ekite

16 mars 2022

APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye O'Neill ak Madam Mercer te absan pou apèl nominal la men yo te rejwenn odyans sou bidjè ki t ap fèt la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamiyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

ODYANS SOU BIDJÈ FY23

Direktè Finansye a Nate Kurder te prezante Sirentandan an rekòmandasyon bidjè finans jeneral final pou FY23 a.

Li te rezime chanjman ki te reflekte nan pwopozisyon sa a kont rekòmandasyon bidjè preliminè ki te prezante bay Komite Lekòl la nan dat 2 Fevriye a:

Chanjman nan Bidjè Lekòl yo

- Chanjman nan konfigirasyon lekòl yo - K-8s konvèti an K-6 (Trotter, King) ak Lekòl Segondè yo plis Klas 7yèm ak 8yèm ane (Burke and Brighton High): 1 795 618\$
 - Trotter ak King: Retire klas 7yèm ak 8yèm ane ak pozisyon espesyalis ansèyman, redui WSF ak Alokasyon Tit 1 yo, ajiste alokasyon FTE pou sikològ lekòl yo. Kenbe entak tout lòt pozisyon yo ak liy non pèsònèl yo.
 - Burke ak Brighton: Ajoute 7yèm ak 8yèm ane ak pozisyon pou espesyalis ansèyman yo, ogmante WSF yo, evite resesyon (soft landing) ak Alokasyon tit 1, ogmante FTE sikològ eskolè yo, ogmante FTE Bibliyotekè yo, ogmante founiti ak sipleyan nan yon montan ki bidjetize.
 - P.A. Shaw: Ekip sirentandan an pral travay avèk P.A. tou. Shap ap ajoute klas 4yèm ane pandan pwochen ane lekòl la. Sa poko antre nan bidjè lekòl la, nou kenbe li an rezèv pou kounye a pandan n ap travay avèk lidè lekòl la pou modifeye pwogram yo.
- Madison Park Technical Vocational High School: Lidè lekòl la, an kolaborasyon avèk Chèf lekòl yo ak sirentandan lekòl yo, deside limite enskripsyon yo. Nan sans sa a, alokasyon WSF yo a desann a 586 965\$. Komite Lekòl Boston Lekòl Piblik Boston Vil Boston Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan Jeri Robinson, Prezidan Michelle Wu, Majistra

Odyans ak Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston sou Bidjè FY23 a.
Zoom

16 mars 2022

- Reyalizasyon ekspansyon Sikològ Eskolè yo, kreye yon barèm 1 sikològ pou 500 elèv nan tout distri a, atenn estanda nasyonal: 2 334 556\$ pou yon 22 FTE an plis atravè lekòl yo
- Reyalizasyon Bibliyotèk ak Ekspansyon bibliyotèk yo: 3 588 156\$ ki reprezante 33,5 FTE nan 38 lekòl
- Komite Analiz Bidjè Eskolè a te analize desizyon alokasyon lekòl yo: Ogmante bidjè chak lekòl pa 999 234\$.
 - Chanjman an afekte plizyè lekòl sou kesyon kontwolè manje: mizajou fòmil FTE kontwòl manje pou ajoute pwojeksyon Klas 6yèm ane. Nou ajoute 15 kontwolè manje a yon montan total 139 740\$.
- Finalize desizyon pou evite ensesyon (Soft Lnding) nan Lekòl la: Ogmante bidjè chak lekòl pa 1 633 412\$
 - Konsève 30 kontwolè manje nan lekòl yo
 - Kenbe entak King, Trotter, Burke ak Brighton pou ekspansyon klas 7-12yèm ane.
 - Ogmante egzijans règleman yo pou Elèv k ap Aprann Anglè ak Edikasyon Espesyal.

Nan twa domèn sa yo, bidjè lekòl yo ogmante pa yon total \$9 341 217 depi pwopozisyon orijinal la. Katreven uit lekòl jwenn ogmantasyon nan bidjè endividyèl yo depi 2 Fevriye.

Chanjman nan bidjè Santral yo

Te genyen yon kantite ti chanjman ap bidjè pwopoze a pou depatman santral yo. Sa yo gen yon pòte plis limite epi yo reprezante divès transfè ant sèvis santral yo e ant tip kont yo nan yon sèvis. Sèl chanjman ki fèt nan bidjè santral la dekri nan tablo ki gen plis pèsonèl pou sipò santral pou investisman nan bibliyotèk. Nou te ajoute 1 FTE nan santral la, yon Direktè Asistan Sèvis Bibliyotèk. Nou te ajoute bidjè pou fonksyonman sèvis bibliyotèk yo tou pou kouvri depans sistèm bibliyotèk lekòl yo. Chanjman sa yo totalize 346 087\$ ki te ajoute nan depatman akademik la. Mesye Kurder te fè ekip Finans lan fè plizyè chanjman nan bidjè santral yo pa rapò avèk fidbak li te resevwa pandan tretman bidjè a. Chanjman sa yo pa parèt nan bidjè sa a, men yo pral mete yo yon fwa ke ekip Finans lan gen opòtinite pou l idantifye depans non bidjetize ki ka ale nan yon lòt sous finansman.

Yo gen ladan yo:

- 1 Milyon dola finans anplis pou Divizyon Ekiti, Estrateji, ak Opòtinite pou sipòte Kowòt Lidèchip Estratejik Anti-rasis la, Pwogram ki Konsantre sou Inovasyon, Konsiltasyon Règleman OAG ak Devlopman Pwofesyonèl.

16 mars 2022

- 800 Mil Dola finans anplis pou Biwo Rekritman, Kilti ak Divèsite pou elaji plizyè inisyativ e prepare pou antisipasyon ratman pèsònèl pou fè enpak SY 22-23 a.
- 500 Mil Dola pou Depatman Espò pou elaji ekip santral yo a pou sipòte ak koòdone pwogram espò nan tout distri a.

Mesye Kurder te remèsye pèsònèl devwe ki te ede devlope bidjè a, ak lidè lekòl yo, komisyon sit lekòl la, komisyon finans lan ak direktè depatman yo.

Madam Robinson te mande Mesye Kurder pou l eksplike l desizyon pou limite enskripsyon Madison Park la. Mesye Kuder te reponn aprè plizyè ogmantasyon enskripsyon yo, lidèchip lekòl la, an kolaborasyon avèk lidèchip distri a, te pran desizyon pou estabilize enskripsyon yo nan nivo li ye kounye a akoutèm. Li te eksplike ke byenke li se yon rediksyon nan sa BPS konn pwojete pou lekòl la, li pa yon rediksyon nan enskripsyon nan nivo aktyèl ane sa a e an jeneral li kenbe aktyèl nivo enskripsyon lekòl la.

Mesye Cardet-Hernandez te felisite kominote Shaw Shool lan pou defans li. Li te poze kesyon sou plan distri a pou konfigirasyon fiti klas lekòl yo. Mesye Kuder te eksplike ke akòz pa gen ase espas, Lidè BPS yo pral bezwen gen konvèzasyon avèk kominote Shaw a sou konfigirasyon lekòl la. Konvèzasyon yo fikse pou yo fèt an Avril.

Mesye Lopera te pale sou efè desizyon yo pran an ak enpak li ka fè so lòt kominote yo. Mesye Kuder te di ke aktyèlman Shaw garanti yon vwa alimantasyon nan Mildred Avenue K-8 School. Pou otòn pwochen, nou pral ajiste pwojeksyon elèv Mildred Avenue yo. Madam Lopera te poze kesyon sou fiti angajman yo avèk kominote Shaw a ak lekòl vwazen yo. Mesye Kuder te dakò ke desizyon an pa pran an solo. Li te di ke lidè distri yo pral angaje yo avèk kominote Shaw School la ak lòt kominote lekòl yo. Madam Lopera te ankouraje lidè distri yo pou yo egzamine bezwen enskripsyon zòn jeyografik la.

Doktè Alkins te remèsye lidè distri yo dèske yo abòde enkyetid sou etablisman kominote Boston Day and Evening Akademi an.

Mesye Cardet-Hernandez te mande pou yo klarifye kesyon konsènan pwojeksyon enskripsyon pa rapò a pwopozisyon bidjè revize a, pèsònèl yo te reponn tout sa yo. Mesye Kuder te eskplike ke estrateji distri a pou kenbe lekòl la entak paske lidè distri a ak lidè lekòl yo gen konvèzasyon difisil sou kapasite. Li te eksplike yo kalkile pwojeksyon enskripsyon yo. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou estrateji distri a pou ogmante enskripsyon yo. Sirentandan an ak Mesye Kuder te pale sou kalite garanti distri a. Mesye O'Neill te dekri envestisman distri a nan etablisman yo kòm yon estrateji pwo-enskrripsyon.

Doktè Alkins te ankouraje distri a pou l kominike avèk fanmi yo lè kalite garanti sa a disponib. Sirentandan te di gen kèk eleman ki deja kòmanse.

Moun sa yo te temwanye konsènan rekòmandasyon bidjè FY23 final Sirentandan an.

- Elèv Shaw Elementary School yo te prezante yon videyo an temwanyaj.
- Ricardo Arroyo Konseye Distri 5 Vil Boston an, rezidan Hyde Park

16 mars 2022

- Armani Cruz Andujar, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Maitte Paulino, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Giovanni Christopher, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Webens Fils, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School.
- Sandora Whir, rezidan Dorchester e elèv Shaw Elementary School.
- Carl Kirland, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School.
- Zachary Whyte Corbett, rezidan Mattapan e elèv Shaw Elementary School.
- Malik Carr, rezidan Dorchester, elèv Boston Day and Evening Academy ak e sipòtè Digital Ready
- Eric Rodriguez, rezidan Dorchester, elèv English High School, sipòtè Digital Ready
- Amaj Mays, rezidan Dorchester, elèv Charlestown High School e sipòtè Digital Ready
- Zaria Alves, rezidan Dorchester, elèv Community Academy for Science and Health (CASH), sipòtè Digital Ready
- Isaac Dias, rezidan Dorchester, elèv CASH e Sipòtè Digital Ready
- Yajaira Alvarenga rezidan East Boston, manb Sociedad Latina e defansè jisti restorasyon
- Sarah Cherry Rice, rezidan Jamaica Plain e direktè egzekitif Digital Ready
- Sanika Forsythe, rezidan Texas e sipòtè P.A. Shaw Elementary School
- Michael Heichman, rezidan Dorchester e manb Boston Education Justice Alliance (BEJA)
- Tom McGuinness, rezidan Roslindale e sipòtè P.A. Shaw Elementary School
- Carla Johnson, rezidan Roxbury e pwofesè P.A. Shaw Elementary School
- Reveran Kevin Peterson, rezidan Dorchester e sipòtè P.A. Shaw Elementary School
- Sharon Hinton, rezidan Hyde Park e fondatè Black Teachers Matter
- Edith Bazil, rezidan Hyde Park ak sipòtè McKinley School
- Ruby Reyes, Rezidan Dorchester e direktè egzekitif BEJA

Apwouve - Pa apèl la, Komite a ansanm te apwouve yon mosyon pou ajoune odyans sou bidjè FY23 a e kòmanse reynyinyon òdinè Komite Lekòl la.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pa apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 2 Mas 2022 Kominite Lekòl la.

RAPÒ SIRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske nou rejwenn nou aswè a. Akoz nou genyen yon ajan ki ranpli ak divès seyans reyinyon aprè midi a, m ap prezante yon brèf vèsyon Rapò nòmal mwen antanke Sirentandan. M ap sèlman pataje nouvo enfòmasyon enpòtan aswè a epi pataje eleman esansyèl distri nou an pandan reyinyon lòt semèn.

Mwen vle kòmanse rapò a aswè a avèk yon mizajou sou ensidan vrèman twoublan ki te rive nan TechBoston lan yèswo a. Yèswo a, yon gwoup elèv ak pèsònèl yo te nan yon bis nan paking

16 mars 2022

kanpous TBA a, yo ta prale nan yon match pou yo te aplodi kamarad yo. Yon sispè te tire sou bis la ki lakoz yon elèv ak yon manb pèsonèl blese. Lekòl yo dwe kote ki sekirize pou elèv nou yo ak pèsonèl nou yo. Kè m brize dèske elèv nou yo ak pèsonèl nou yo fè eksperyans yon dram konsa epi mwen pran gwo angajman pou nou fè tout sa nou kapab pou nou sipòte kominote TBA School la nan moman sa a. Mwen rekonesan (kontan) pou m rapòte ke ni elèv la ak manb pèsonèl la ap reprann yo epi pa soufri okenn blesi ki menase lavi yo. Mwen te rejwenn Chèf lekòl School Vernazza ak Majistra Wu pou yon reyinyon avèk pèsonèl TechBoston yèswa pou kòmanse trete ensidan an. Majistra Wu ak mwen te sou sèn lan yèswa a epi nou te avèk pèsonèl yo ankò manten an. Nou te fè konnen ke n ap anplwaye tout resous nesèsè ni nan Meri a ak BPS pou sipòte TBA nan moman difisil sa a. Sante ak byennèt elèv ak pèsonèl nou yo fè pati premye priyorite nou nan BPS. Pa gen klas jodia e nou te konseye ak lòt pèsonèl sipò sante mantal ak emosyonèl lekòl la pandan tout jounen an pou elèv yo ak pèsonèl yo pandan y ap konnen evenman sa a. Nou pral kontinye kontwòle byennèt kominote lekòl la epi travay de konsè avèk Depatman Polis Boston ak konseye yo pou bay soutyen nesèsè. Mwen vle remèsye pèsonèl enkwayab TBA a. Yo se yon kominote ki fleksib e fò ki konnen anpil pandan ane sa a. Epi yo toujou kanpe fèm pou elèv yo prè pou sipòte yo nan nenpòt fason nesèsè. Sante mantal pou elèv nou yo enpòtan e mwen te raple pèsonèl TBA yo sa maten an ke sante mantal yo enpòtan tou. Nou dwe pran swen youn lòt. Mwen rekonesan anvè yo ak tout pèsonèl BPS yo ki te prezante pandan moman difisil sa a. Tanpri kontakte nou si w bezwen sipò. Kounye a mwen pral pase nan kèk lòt nouvo enfòmasyon rapid aswè a.

De bagay nou te diskite se avni lekòl Shaw al espas salklas lekòl Timilty pou Boston Day and Evening Academy (BDEA). Yèswa a, nou te voye lèt bay fanmi BDEA yo ak Shaw School yo pou enfòmasyon yo sou chanjman ki pral fè nan kominote lekòl yo ke mwen pral pataje avèk ou aswè a. Nou te fè kominote BDEA konnen ke BPS pral angaje l avèk kominote a pou detèmine itilizasyon alontèm etablisman Timilty a. Aktyèlman BDEA okipe kat salklas ak kèk lòt biwo espasyal nan lekòl la. BDEA pral kontinye itilize espas sa yo pou pwochen ane lekòl la puiske pa gen plan konstriksyon pou ane pwochen. Sepandan, distri a planifye konsepsyon ak konstriksyon etablisman an pandan ane k ap vini yo aprè nou fin akonpli angajman nou avèk kominote a. Nan semèn k ap vini yo nou pral travay avèk lidèchip lekòl yo pou re-etabli pwosesis nòmal pou idantifye yon nouvo espas pou BDEA nan kòmansman ane Eskolè 2023-24 la pandan n ap prepare etablisman Timilty pou konstriksyon nesèsè a. Yè nou te pataje avèk kominote lekòl Shaw a ke n ap ajoute de salklas 4yèm ane nan lekòl yo a nan yon ane, pandan n ap kreye yon plan alontèm. Nou konnen kijan de ane ki pase yo difisil. Nou kwè ajoute 4yèm ane pwochen pral ede elèv nou yo kontinye aprann pandan ke sa ap ba nou tan pou n diskite sou planifikasyon nesèsè yon peryòd ki pi long. N ap planifye yon reyinyon kominotè an Avril avèk kominote lekòl la. Mwen te vle pataje tou ke nan faz final pwosesis apwobasyon pou lwaye EMK pwopriyete Roxbury a nan Roxbury. Nou espere fè yo finalize l nan kèk semèn pwochen.

Kòm nou ka sonje, nan dat 26 Janvyè a, mwen te anonse fòmasyon ekip entèvansyon pou twa nan lekòl nou yo: Charlestown High School, Madison Park Technical Vocational High School, ak McKinley school. Nou fòme ekip yo pou abòde vid akonplisman nan mitan elèv yo epi pou devlop rekòmandasyon pou amelyore ansèyman ak aprantisaj ak fonksyonman nan lekòl yo. Chak ekip yo gen twa randevou nan BPS ak Sendika Pwofesè Boston yo ak yon randevou ansanm. Ekip entèvansyon yo pral analize done yo sou opòtinite ak akonplisman elèv yo epi reyini avèk elèv yo ak pèsonèl yo ak fanmi yo. Mwen kontan pou m rapòte ke mwen te anonse manb twa ekip yo sa byen bonè nan semèn lan e yo prè pou yo kòmanse travay. Yo pral ban m

16 mars 2022

rapò nan mwa k ap vini avèk rekòmandasyon yo sou plan daksyon yo pou konfwonte difikilte kontinyèl nan chak lekòl. Mwen rekonesan anvè patnè nou yo nan BTU dèske yo travay avèk nou pou devlope manb ekip entèvansyon sa yo ak pou kolaborasyon kontinyèl yo.

Aktyèlman nou nan pwosesis avèti fanmi yo si pitit yo reponn ak ezijans kalifikasyon ki se genyen yon minimòm nòt mwayenn B nan devwa ki nan nivo klas yo nan ELA, Matematik, Syans Sosyal ak Etid Sosyal pou yo konsidere yo kòm elèv ki fè pati gwoup aplikan an, jan li dekri nan Règleman Egzamen Eskolè yo. Nou gentan konnen ke tout fanmi yo pral resevwa avi a nan mitan mwa Mas. Nou pral voye pa lapòs envitasyon nan egzamen eskolè yo bay fanmi yo nan fen mwa Avril oswa kòmansman Me. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis egzamen an ak dat la ak anrejistreman seyans enfòmasyon yo ak seyans prezantasyon sou power point yo sou sit entènèt nou an, www.bostonpublicschools.org/exam.

Lekòl Piblik Boston yo ap travay de prè avèk Komisyon Sante Piblik Boston an pou analize done sou COVID-19 yo nan lekòl nou yo ak nan Vil nou an. Komisyon Sante a te reyini semèn pase e pataje konsèy eke BPS ka retire egzijans mas nou an lè Vil la jwenn anviwon sèt a 10 ka COVID pa 100 000 abitan. Nou prèske sou pwèn sa a. Kantite a desann detanzantan; n ap kontinye egzije mas pou moman sa a, menm si fanmi yo ta dwe espete nou retire obligasyon pou mas la nan lekòl la nan jou k ap vini yo la. Wi nou pral kominike nenpòt ki nouvo enfòmasyon a kominote nou an osito nou pran aksyon sou direktiv sante piblik la. Kòm yon rapèl, tout elèv ak pèsònèl ki santi yo plis konfòtab avèk mas la ap toujou kapab mete l epi nou pral travay avèk Lidè Lekòl yo pou fè sèten ke nou gen anviwonman aprantisaj ki akeyi chwa endvidyèl elèv yo ak pèsònèl yo pou kontinye oswa sispann mete mas LÈ nou retire egzijans mas la. Ap genyen moman pou mete mas nan sikonstans espesifik e dapre selon oryantasyon otorite sante piblik yo. Nan moman sa a, mwen vle remsèsye tout moun pou efò yo pandan mwa ki pase yo lè Boston te mete ansanm pou diminye pwopagasyon COVID la e ankouraje tout moun ki kapab vaksinen pou yo vaksinen e pran dòz ranfòsman yo.

Nou vrèman kontan pou n elaji sistèm aksè a akselerasyon akademik pandan vakans Frevriye a. Akselerasyon Akademik yo se pwogram ki dire tout semèn lan andeyò vakans akademik tradisyonèl pandan ane lekòl la. Yon fason pou nou ka akselere konpetans alfabetizasyon elèv nou yo, BPS te ofri 20 èdtan alfabetizasyon ekitab ki te konsantre sou akselerasyon akademik ki te etale sou sijè ki apwopriye sou plan kiltirèl e afimasyon ki konekte a estanda ELA ak pwogram nan lide pou amelyore Vil Boston. Nan angaje nan pwojè kolaboratif, koneksyon kontni ak pwojè ki baze sou aprantisaj, elèv yo fè rechèch sou tèks ki pa tèks imajinè pou mennen ankèt e reponn yon kesyon esansyèl avèk yon repons ekri epi devlope yon pwodui vizyèl oswa fizik pou demontre yo metrize konpetans ak estanda ki nan nivo klas yo.

Tèm pou akselerasyon akademik Frevriye nou an te konsantre sou "*Kijan mwen, antanke reprezantan yon elèv nan kabinè Majistra Wu a, fè rekòmandasyon sou règleman espesifik pou amelyore vil nou an?*" Nou fyè de travay elèv nou yo ak edikatè nou yo puiske yo angaje yo nan tèks ki nan nivo klas yo ki gen kompleksite kiltirèl epi devlope pwopozisyon règleman nan sèvi antanke reprezantan elèv nan kabinè Majistra Wu a. Nan yon sondaj pandan lafen, elèv nou yo te fè konnen ke Akselerasyon Akademik yo te benefik pou yo nan divès fason, epi yo te kenbe yon woutin regilye pandan semèn vakans lan, aprann sou pwoblèm ak zòn daksyon nan Vil Boston, epi amelyore cv yo. Yo elèv twayèm ane te fè konnen ke, "Eksperyans mwen avèk Akselerasyon Akademik te fè m santi m plis konfyan nan tèks ki difisil pou m li pou kont mwen ak li devan

16 mars 2022

moun e pataje panse m sou lekòl sa a." Anplis de sondaj elèv yo, nou te resvwa echantiyon travay elèv yo pandan semèn lan. Yon elvè klas twazyèm ane nan Roger Clap te fè konnen ke avèk Majistra Wu ak Ekip Climate Ready Boston refleksyon m sou nivo lanmè a chanje. Imajine nan klas twazyèm ane ou ka pale avèk otorite vil la! Nan pwochen foto a, w ap wè elèv klas 3yèm ane yo nan Channing k ap konstwi modèl mi pou bare lanmè a. Elèv nou yo gen anpil talan.

Anplis de akselerasyon akademik pou elèv klas 3-10 yèm ane, lekòl yo te ofri plis pwogram avèk fon akselerasyon an. Pa egzanzp, kèk lekòl te ofri

- Pwogram pou elèv Preskolè rive nan K2.
- lòt yo te ofri pwogram dirèk pou elèv ki pral fini yo pou ede yo avèk aplikasyon pou inivèsite ak FAFSA yo,
- pandan ke gen kèk lòt lekòl ki te ofri leson patikilye (tutoring) kòm yon efò pou monte nòt yo fè nan kou yo.

Antou, anviwon 2900 elèv te patisipe nan akselerasyon akademik yo ak divès pwogram akademik atravè plis pase 65 lekòl. Prèske 2000 nan elèv sa yo se te elèv ki pale plizyè lang, elèv ki gen andikap oswa toude. BPS rete angaje pou l bay yon eksperyans edikasyon ekitab pou tout elèv nou yo. Akselerasyon Akademik nan Avril la pral menm bagay avèk sa Akselerasyon akademik nan Fevriye a, kote elèv yo pral angaje nan pwojè ki enterese ki baze sou aprantisaj ki enterese yo, men pral konsantre sou travay ki pi enpòtan pou klas yo nan matematik. Mwen pral pataje plis enfòmasyon sou sa nan pwochen reyinyon an. Finalman, nou vrèman kontan pou n fè w konnen ke nou gen plis lekòl ak elèv k ap chèche patisipe nan Akselerasyon Akademik nan Avril la epi nou pa ka tann pou nou ogmante e elaji enpak nou pandan n ap aprann plis de reyalizasyon nou.

Antanke Sirentan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Manb Komite yo te poze kesyon klarifikasyon sou Akselerasyon Akademik yo ak pwotokòl COVID sante ak sekirite, Sirentandan ak ekip li a te reponn tout sa yo. Madam Robinson te ankouraje distri a pou yo etidye enpak Akselerasyon Akademik yo fè sou reyalizasyon elèv yo. Sirentandan te di ke l ap mande Biwo Done ak Responsabilite a pou etidye enpak la, note ke li ka difisil pou dekode.

Doktè Alkins te poze kesyon sou plan sekirite distri a pou prentan ak lete a. Sirentandan Adjwen Operasyon an Sam De-Pina te pale sou apwoch ak entèvansyon ki sible yo nan estasyon MBTA ak nan kòmansman lekòl l ak lè yo lage.

Madam Lopera te ankouraje pou gen kominikasyon de prè e apwopriye ak mesaj ant vil la, BPS ak patnè kominotè yo sou règleman mas yo. Madam Robinson te di ke pwogram pou timoun piti yo swiv direktiv Depatmam MA Edikasyon ak Swen pou Timoun piti (EEC).

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sirentandan an.

16 mars 2022

- Sharon Hinton, rezidan Hyde Park e fondatè Black Teachers Matter, te temwanye konsènan P.A. Rechèch Shaw Elementary School ak Sirentandan an.
- Katie Hersey, rezidan nan West Roxbury ak paran nan BPS, te temwanye an favè pou kenbe pwotokòl mete mas la.
- Christina Hefler, rezidan Milton e pwofesè UP Academy Dorchester te temwanye an favè pwopozisyon pwolongasyon pèman Horace Mann nan Lekòl Endepandan Distri yo.
- Shery kelher, rezidan Charleston, te temwanye sou kesyon kalite.
- Mary Lee Marra, rezidan Hyde Park e defansè, te temwanye pou l soutni Sirentandan Cassellius.
- Edith Bazile, rezidan Hyde Park e defansè, te temwanye pou soutni P.A. Shaw Elementary School.

AKSYON

Doktè Alkins te mande plis detay sou Aprantisaj Sosyal Emosyonèl nan Inisyativ Planfikasyon Sibvansyon Lekòl ak Andeyò Lekòl ak lekòl ki enpakte yo e pataje pi bon pratik yo. Sirentandan te di ke Sirentandan Asistan Sante ak Byennèt la pral fè swivi e vini avèk plis enfòmasyon.

Doktè McCrea te klarifye pou Madam Lopera ke sibvansyon yo fikse pou objektif yo nan Estrateji Vizyon an. Mesye Kuder te di ke ekip li a ap travay pou kreye yon rapò reyalizasyon sibvansyon ke yo pral pataje avèk komite a.

Apwouve - Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve rekòmandasyon Sirentandan pou bay pwolongasyon pèman a pèsonèl nan Horace Mann nan Lekòl Endepandan Distri yo: Boston Green Academy; Dudley Street Neighborhood Charter School; UP Academy Boston; ak UP Academy Dorchester. Mesye Cardet-Hernandez te fè abstansyon. Tout lòt manm yo te vote wi.

RAPÒ

Pwojè Reparasyon Akselere Administratif Etablisman Lekòl Massachusetts- Direktè Adjwen Finans lan David Bloom te prezante pwopozisyon sa yo pou Pwojè Reparasyon Akselere Administratif Etablisman Lekòl Massachusetts (MSBA)-(ARP):

- Ranplasman chofaj Burke, Curley, Haley, Warren-Prescott.
- Ranplasman twati Henderson Upper ak Ohrenberger
- Ransplasman twati ak fenèt English High School

Pwojè ARP a abòde reparasyon oswa ranplasman twati, fenèt/pòt ak chofaj nan yon etablisman ki kontrèman solid sou plan eskrikti.. Egzijans MSBA pou soumèt pwojè yo se pou chofaj yo ak fenèt yo genyen minimòm 35 lane, epi pou twati yo genyen yon minimòm 30 lane. Etablisman sa yo tonbe nan prensip pou ARP. Jiska jodia, BPS ak PFD fè patenarya avèk MSBA pou reyalize 27 pwojè. Gen aktyèlman twa pwojè ki an konstriksyon ak de lòt ki nan estad kòmansman konsepsyon.

16 mars 2022

Pwochen Etap Administratif pou Etablisman Lekòl Massachusetts yo:

- Komisyon Vil la ak Komite Eskolè a vote pou apwouve soumisyon Deklarasyon Enterè a MSBA.

- Yo dwe soumèt ARP SOI yo disi 25 Mas 2022.

- Yo dwe soumèt SOI Debaz yo bay MSBA disi 28 Avril 2022, nou pral retounen nan

Komisyon an

- Lete-Lotòn 2022 MSBA analize SOI yo soumèt atravè Commonwealth

- Nan fen lotòn 2022/rive livè 2023 MSBA pral pran desizyon ni sou ARP ak SOI Debaz yo soumèt yo

Mesye Cardet-Hernandez te mande yon lis konplè lekòl ki kalifye pou sipò MSBA yo. Li te ankouraje distri itilize zouti planifikasyon ekite rasyal la. Chèf Operasyon yo Indira Alvarez te dakò pou l fè swivi, li te ajoute ke ekip etablisman yo te pran yon konpayi pou fè yon evalyasyon konplè sou kondisyon etablisman yo ke yo pral pataje piblikman.

Doktè Alkins te poze kesyon so pwosesis pou lekòl yo aplike pou reparasyon. Mesye Bloom te pale sou pwosesis fè reparasyon nan etablisman yo avèk bidjè kapital BPS yo kont pwojè MSBA yo.

Madam Polanco Garcia te mande enfòmasyon sou etablisman lekòl ki repare atravè MSBA depi 2015. Mesye Bloom te dakò fè swivi avèk enfòmasyon yo. Mesye Bloom te di ke ekip li a pral retounen sou Komite avèk enfòmasyon ki pwopoze nan Pwojè Debaz MSBA yo, ki se pwojè ki gen pwolongasyon reparasyon, renovasyon, ajoute/renovasyon ak konstriksyon nouvo lekòl.

Madam Lopera te poze kesyon pou mande klarifikasyon sou kijan yo chwazi pwojè yo e kijan yo mete priyorite sou yo. Li te mande yon lis lekòl ki kalifye pou sipò MSBA. Li te me anfas sou enpòtans planifikasyon etablisman alontèm. Pandan l konprann ke genyen bezwen sa a nan lekòl nou an. Mesye Bloom te reponn, li te eskplike ke MSBA egzije 20 an angajman nan etablisman an pou ranbousman.

Mesye O'Neill te detaye ka fason majè kote ke BPS peye pou etablisman: bidjè antretyen BPS la, bidjè kapital Vil la; Ranbousman MSBA pou pwojè debaz yo (nouvo konstriksyon ak renovasyon enpòtan) ak ranbousman MSBA pou pwojè reparasyon akelere. fènèt, twati chofaj. Li te eskplike ke Komite Eskolè a fikse priyorite yo pou distri a epi bay Sirentandan responsablite pou l pran desizyon sou amelyorasyon etablisman yo, epi evalye si l atenn objektif sa yo. Mesye O'Neill te mande yon lis pwojè ki an atant. Mesye Bloom te dakò fè swivi avèk enfòmasyon yo.

Mesye Cardet-hernandez te pale sou pwoblèm etablisman yo ki entèkonekte. Li te mande kilè evalyasyon sou kondisyon etablisman yo ap disponib. Madam Alvarez te estime ke l ap prann ant 12-18 mwa pou evalyasyon an fèt. Sirentandan te pale sou difikilte pou jere etablisman distri a, plis pase mwaye ladan te konstwi avan Dezyèm Gè Mondyal. Li te ankouraje Meri a pou l fè yon bonjan investisman nan etablisman lekòl yo. Li te di ke Majistra Wu te pran yon angajman vèbal pou abòde bezwen etablisman yo.

Mizajou Komite Rechèch Sirentandan an - Madam Lopera, ki se vis prezidan Komite Rechèch Sirentandan an avèk Doktè Pam Eddinger ak Macus McNeill, te prezante yon mizajou sou

16 mars 2022

pwosesis rechèch la. Pa rapò a espas tan ke Komite Rechèch la dispoze, Komite a planifye pou yo bay mizajou nan chak reyinyon Komite Eskolè a jiskaske li fini avèk angajman li an. Rapò regile sa yo pral gen ladan yo mizajou kle sou pwosesis, angajman, desizyon ki pran ak rezilta.

2 Mas la, Komite Eskolè a te apwouve estati manb, angajman ak tan nèf man Komite Rechèch Sirentandan an.

Anplis de vis prezidan ki site anlè yo, manb Komite yo se:

- Roxi Harvey, paran e gradye BPS e Prezidan Komisyon Konsèy Paran Edikasyon Espesyal Boston (SpedPac).
- Michael O'Neill, gradye BPS e Vis Prezidan Komite Lekòl Boston
- Doktè Carline Pignato, gadye BPS e Prezidan lekòl Channing Elementary School
- Gene Roundtree, Sirentandan Lekòl Segondè nan Lekòl Piblik Boston yo
- Jessica Tang, Prezidan Sendika Pwofesè Boston
- José Valenzuela, paran, gradye e pwofesè Istwa BPS nan Boston Latin Academy

Vandredi 18 Mas a Midi se delè pou rechèch fèm RFP. Ekip Analiz RFP a pral analize e prezante rekòmasyon yo bay Komite Lekòl la pou apwobasyon disi kòmansman Avril. Ekip la se Direktè Kapital Imen Al Taylor ak de reprezantan Komite Rechèch Sirentandan an, Michael O'Neill ak Jose Valenzuela. Manadjè Biznis BPS la Naveen Reddy ak ekip li a ap bay sipò ak gid nan pwojè a pou fè sèten ke pwosesis analiz RFP a fèt kòrèkteman an tout konfòmite.

Komite Rechèch la fè de seyans adistans pou tandè kominote a: yon seyans jeneral nan dat 9 Mas la ak yon seyans an Espanyòl yè, 15 Mas la. Te gen 471 moun ki te enskri pou 9 Mas la e 218 pou 15 Mas la. Kantite moun ki te patisipe te 352 pou 9 Mas la e 109 pou 15 Mas la. Anntotal, seyans yo te gen plis pase 650 moun ki te enskri e plis pase 450 moun te patisipe.

Kesyon gid Komite a mande moun yo reponn se:

- *Ki twa kalite oswa eksperyans ki pi enpòtan Sirentandan nou an ta dwe kenbe?*
- *Ki kesyon nou t ap plis renmen yon kandida pou pozisyon an reponn?*
- *Kijan pwochen sirentandan ka kolabore avèk kominote a pou l reyisi?*

Videyo a Tchat seyans sa yo afiche sou paj Rechèch Sirentandan an

bostonpublicschools.org/supt-search. Pandan aprè midi a, Komite a resevwa 36 mesaj sou imèl li a: superintendentsearch@bostonpublicschools.org. Yon sondaj sou entènèt ki tradui nan tout majè lang BPS yo disponib sou bostonpublicschools.org/supt-search. A 1 p.m. jodia, nou soumèt 231 repons.

Komite Rechèch la pral fè de lòt seyans tandè kominote a adistans: yon foròm elèv Jedi 24 Mas la a 6-8 p.m. ak yon seyans jeneral ekout jeneral Samdi 2 Avril a 10 a.m. rive 12 p.m. ke Konseye Meri Boston Julia Mejia, Prezidan Komite Komisyon Edikasyon an ap òganize. Tou de seyans yo pral fèt andirèk, entèpretasyon silmitane nan tout lang BPS yo. Enskripsyon yo disponib sou bostonpublicschools.org/supt-search.

16 mars 2022

Komite a pral kolekte ak sentetize tout kòmantè, chèche tèm yo, epi pataje l avèk kominote a bonè nan mwa Avril. Sa pral ede enfòmè deskripsyon djòb ak kandida potansyèl ke n ap konsidere.

6 Avril Komite Lekòl la pral vote sou deskripsyon djòb Sirentandan an e fè yon apèl pou aplikan ki kalifye yo. An Avril ak me, fèm rechèch la pral fè verifye egzaminasyon isyal ak pase kandida yo. Komite Rechèch la pral analize aplikasyon yo epi chwazi kandida pou entèvyou nan seyans egzekitif la, pou prezève konfidansyalite kandida yo. Aprè entèvyou yo, Komite Rechèch la pral chwazi finalis pou prezantasyon piblik la. Nan jwen, Komite Lekòl la pral anonse kandida final epi fè entèvyou piblik. Komite Lekòl aprè sa pral vote sou yon kandida pou ofri pozisyon Sirentandan an. Madam Lopera te di ke fiti mizajou Komite Rechèch la pral bay Komite Lekòl ap gen ladan mizajou sou desizyon ki pran ak rezilta yo. Li te remèsye manb Komite Rechèch yo ak pèsònèl BPS la pou travay yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si y ap pwograme lòt seyans ekout avèk òganizasyon patnè yo. Madam Lopera te ankouraje òganizasyon patnè yo pou yo fè pwòp seyans yo epi pataje fidbak yo avèk Komite Rechèch la.

Doktè Alkins te sijere ke objektif Komite Lekòl la ta dwe konfòm avèk fidbak kominote a.

Madam Robinson te mande kijan yo pral itilize fidbak kominote a. Madam Lopera te pale sou fidbak yo ki bay yon opòtinite non sèlman pou aprann kisa kominote a vle nan yon lidè men tou kote distri a dwe amelyore.

Mesye O'Neill te prezante kèk tèm ki pwopaje nan premye seyans ekout la, tankou enpòtans chwazi yon sirentandan ki gen eksperyans nan salklas. Li te di ke anpil paran nan seyans Espanyòl la te pale sou enkyetid yo konsènan transpò, kondisyon etablisman yo, ak sèvis alimantè - kondisyon ki ka mete elèv yo nan yon pozisyon pou yo aprann.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Okenn.

NOUVO BIZNIS

Okenn

REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

Apwouve - Ozanviwon 9:25 p.m. tout Komite a ansanm te vote pou repòte seyans egzekitif la nan objektif pou mennen yon seyans estrateji nan preparasyon pou negosyasyon avè Sendika Pwofesè Boston yo. Madam Robinson te anonse ke Komite a pral retounen nan seyans piblik la.

Ateste:

Odyans ak Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston sou Bidjè FY23 a.
Zoom

16 mars 2022



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif